

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda ngawengku opat aspék kaparigelan basa anu kudu ditepikeun dina prosés diajar-ngajar di sakola. Éta opat aspék, ngawengku kaparigelan nulis, kaparigelan maca, kaparigelan ngaregepkeun jeung kaparigelan nyarita.

Salasahiji tina opat aspék kaparigelan basa, nyaéta nulis, mangrupa kamampuh ngagunakeun basa dina wangun tulisan pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang atawa kereteg haté.

Nurutkeun Alwasilah (dina skripsi Serli Nopiarti, 2013, kc. 1) nulis asup kana kaparigelan anu kawilang hésé dipraktékeunana dina pangajaran basa, ieu hal dibaluarkeun ku prakték nu salah nalika prak-prakan nulis ti mimiti tingkat SD nepi ka Paguron Luhur. Nulis mangrupa hiji kaparigelan ngaréka basa anu dipaké nalika komunikasi sacara teu langsung. Nulis kaasup kana kagiatan anu produktif jeung éksprésif. Dina kagiatan nulis, panulis kudu parigel ngamangpaatkeun grafologi, struktur bahasa, jeung kosa kecap (Tarigan, 2008, kc. 1).

Héséna kagiatan nulis, umumna karandapan ku siswa di sakola. Ukur sabagéan siswa anu parigel nalika dibéré pancén nulis ku guruna, hususna nulis sisindiran, sedengkeun dina KIKD (Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar) kaparigelan nulis sisindiran wajib ditepikeun sarta dicangking ku siswa.

Nurutkeun hasil observasi anu dilaksanakeun di SMAN 9 Bandung ku cara wawancara langsung ka siswa, pangajaran basa Sunda utamana kaparigelan nulis sisindiran kaasup kaparigelan anu dianggap hésé ku siswa. Faktor anu ngabaluarkeunana di antarana nyaéta, sisindiran téh kaasup karya sastra Sunda buhun anu geus jarang dipaké dina kahirupan sapopoé, salian ti éta cara nepikeun

AI ROHATI, 2014

*Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

matéri sisindiran anu kurang *inovatif* ngabalukarkeun siswa jadi teu sumanget diajar. Méthode ngajar anu kurang *variatif* ogé mangaruhan kana ayana anggapan yén nulis sisindiran téh hésé, nu antukna siswa jadi teu sosen-sosen diajar matéri sisindiran. Balukar ti siswa teu sosen-sosen diajar matéri sisindiran éta, siswa jadi ngarasa hésé nalika dititah nulis atawa nyusun sisindiran.

Kurangna ngawasa kosa kecap ogé jadi salasihiji faktor anu ngabalukarkeun siswa teu bisa nulis sisindiran. Ku kituna, modél pangajaran anu *inovatif* kacida diperlukeunana pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa.

Modél pangajaran *concept sentence* mangrupa salasihiji tipe modél pangajaran anu dimekarkeun atawa turunan tina modél *cooperative learning*. Modél *cooperative learning* dipopulérkeun kira-kita taun 1960-an di Amerika Serikat. Ieu modél pangajaran mangrupa gagasan John Dewey jeung Herbert Thelen anu nétélakeun yén atikan di masarakat demokrasi saéstuna kudu ngajarkeun prosés démokrasi sacara langsung. Inohong model *cooperative learning* nyaéta John Dewey. Dina taun 1916 dina bukuna *Democracy and Education*, John Dewey ngawanohkeun model *cooperative learning*. Satuluyna dina kurun waktu 1954 nepi ka 1960 Herbert Thelen mekarkeun deui prosedur-prosedur anu leuwih taliti pikeun kagiatan siswa gawé bareng di kelas. Eggen jeung Kauchack (dina Trianto, 2009, kc. 58) nétélakeun yén pangajaran kooperatif mangrupa hiji wangun stratégi pangajaran anu ngalibetkeun siswa migawé pancén ku cara kolaborasi pikeun ngahontal tujuan babarengan.

Modél pangajaran *concept sentence* nyaéta modél anu dina prak-prakanana dilakukeun ku cara ngabagikeun kartu-kartu anu eusina sababaraha kecap galeuh tina materi pangajaran, tuluy éta kecap galeuh téh disusun jadi sababaraha kalimah atawa dimekarkeun deui jadi sababaraha paragraf.

Modél pangajaran *concept sentence* dimimitian ku apersepsi, guru nepikeun kompetensi dasar jeung tujuan anu kudu dihontal ku siswa, pedaran materi, ngabagi kelompok sacara hétérogén, nyiapkeun kecap galeuh dumasar pedaran materi, sarta unggal kelompok dibéré pancén pikeun nyieun kalimah tina kecap

galeuh anu dibagi ku guru (Suprijono, 2013, kc. 132). Prosedur satuluyna dina pangajaran ieu nyaéta medarkeun hasil gawé kelompok dihareupeun kelas jeung siswa dibantuan ku guru nyieun kacindekan tina hasil diskusi.

Nurutkeun Kiranawati (dina Saiia, 2012), kaonjoyan tina modél pangajaran *concept sentence* nyaéta: 1) ngaronjatkeun sumanget diajar siswa, 2) ngarojong kana kaciptana suasana diajar anu kondusif, 3) nyiptakeun suasana diajar anu pikaresepeun, 4) ngarojong sarta mekarkeun prosés mikir kréatif, 5) ngarojong sangkan siswa mampuh nafsirkeun hiji hal tina sababaraha sudut pandang, 6) numuwuhkeun kasadaran sangkan migawé hal anu leuwih hadé deui, 8) Leuwih maham kecap galeuh tibatan materi poko pangajaran, jeung 9) siswa anu pinter miboga kasempetan pikeun mantuan babaturanana anu kamampuhna kurang. Kahéngkérana tina modél pangajaran *concept sentence* nyaéta, 1) ukur bisa dilarapkeun pikeun pangajaran nu tangtu, jeung 2) pikeun siswa anu pasif ukur bisa nurutan jawaban siswa séjénna.

Nilik kana tata cara sarta kaonjoyan modél pangajaran *concept sentence*, panulis miboga kamandang, kumaha lamun modél pangajaran *concept sentence* dilarapkeun dina matéri pangajaran nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung. Dumasar kaonjoyan modél pangajaran *concept sentence*, ieu modél dipiharep bisa méré pangaruh anu positif kana hasil pangajaran dina matéri nulis sisindiran, salian ti mampuh mekarkeun daya kreativitas siswa, luyu jeung kurikulum anu dipaké ayeuna siswa jadi leuwih bisa mikir sacara mandiri, sarta peran siswa sorangan bisa leuwih aktif tibatan guruna.

Panalungtikan modél pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran dina skripsi pernah ditalungtik ku Vitaloka (2011), nu judulna *Efektivitas Modél Pangajaran Tématik dina Pangajaran Nulis Sisindiran Wangun Paparikan jeung Rarakitan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)* anu eusina nyaéta nalungtik modél pangajaran tématik pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran sedengkeun

ieu panalungtikan anu ditalungtikna nyaéta modél pangajaran *concept sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran.

Nilik kana panalungtikan di luhur, tétéla can aya nu nalungtik ngeunaan modél pangajaran *concept sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran. Ku kituna, panalungtikan *Modél Pangajaran Concept Sentence pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (Studi Kuasi-Ékspérimén ka Siswa Kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*, perlu dilaksanakeun.

### 1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan diidéntifikasi saperti ieu di handap.

- 1) Materi pangajaran nulis sisindiran mangrupa materi anu dianggap hésé ku siswa.
- 2) Guru dina nepikeun matéri sisindiran masih ngagunakeun metode ceramah anu ngabalukarkeun pangajaran dianggap monoton ku siswa.
- 3) Kurangna kosa kecap anu dikawasa ku siswa ngabalukarkeun siswa ngarasa hésé diajar nulis dina basa Sunda.
- 4) Anggapan yén pangajaran basa Sunda teu penting sarta kampungang jadi salasihiji faktor nu ngabalukarkeun siswa kurang minat diajar basa Sunda.

### 1.3 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*?

- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*?

#### 1.4 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan tujuan panalungtikanana kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

##### 1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngukur atawa nguji modél pangajaran *concept sentence* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014. Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa kapanggih cara atawa solusi pikeun ngalaksanakeun pangajaran anu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis, hususna nulis sisindiran.

##### 1.4.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan di antarana pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun kamampuh siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 dina pangajaran nulis sisindiran saméméh dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*;
- 2) ngadéskripsikeun kamampuh siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 dina pangajaran nulis sisindiran sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*; sarta
- 3) ngukur béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*.

AI ROHATI, 2014

*Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### 1.5.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajembaran tiori pangajaran basa Sunda dina matéri pangajaran nulis, husuna nulis sisindiran, sarta ngeuyeuban deui modél-modél pangajaran anu geus aya sangkan bisa dilarapkeun ku guru prosés diajar-ngajar.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis aya sababaraha pihak anu bisa meunangkeun mangpaat tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) siswa; mangpaat anu katarima ku siswa nyaéta, siswa bisa leuwih parigel deui dina kagiatan nulis sisindiran sarta leuwih paham kana struktur jeung bagian-bagianana;
- 2) guru; ku ayana ieu panalungtikan dipiharep guru bisa leuwih ngaronjatkeun deui kagiatan diajar-ngajar di kelas ku cara ngalarapkeun modél-modél pangajaran anu luyu jeung bahan ajar;
- 3) panalungtik; mangpaat anu bisa dirasakeun ku panalungtik nyaéta bisa nambahan pangaweruh dina ngalarapkeun modél pangajaran anu éféktif dina pangajaran bahasa Sunda, hususna kaparigelan nulis. Salian ti éta panalungtik ogé bisa méré gambaran ngeunaan éféktivitas modél pangajaran *concept sentence* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X SMAN 9 Bandung.

## 1.6 Raraga Tulisan

AI ROHATI, 2014

*Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu skripsi diwangun ku lima bab, bab 1 ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab 2 eusina ngeunaan hakékat modél pangajaran, modél pangajaran *concept sentence*, wangenan nulis, wangenan sisindiran, modél pangajaran *concept sentence* dina pangajaran nulis sisindiran, raraga mikir jeung hipotesis. Pedaran hakékat modél pangajaran ngawengku pedaran ngeunaan wangenan modél pangajaran. Pedaran ngeunaan modél pangajaran *concept sentence* ngawengku pedaran ngeunaan wangenan *concept sentence*, sajarah *concept sentence* léngkah-léngkah modél pangajaran *concept sentence* sarta kaonjolan jeung kakurangan modél pangajaran *concept sentence*. Pedaran ngeunaan nulis diwuwuhan ku wangenan nulis, tujuan nulis, léngkah-léngkah nulis, jeung rupa-rupa tulisan. Pedaran ngeunaan sisindiran ngawengku wangenan sisindiran, bagbagan sisindiran, bagbagan rarakitan, bagbagan paparikan jeung bagbagan wawangsalan.

Dina bab 3 diterangkeun ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, tehnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

Dina bab 4 dipedar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran anu ngawengku kamampuh nulis sisindiran saméméh dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*, kamampuh nulis sisindiran siswa sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*, analisis béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran saméméh dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence* jeung kamampuh nulis sisindiran siswa sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*, sarta pedaran hasil panalungtikan modél pangajaran *concept sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran.

Bab 5 ngawengku kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.



AI ROHATI, 2014

*Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran*  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)